№ 2 (6)
2025

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI / ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУСТВА / BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHISÍ

ILIMIY-METODIKALÍQ JURNAL



ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW,
ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI
ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI
ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*

# MUSIQA VA SAN’AT AXBOROTNOMASI

*Ilmiy-uslubiy jurnal*

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА

*Научно-методический журнал*

# BULLETIN OF MUSIC AND ART

*Scientific-methodical journal*

**№ 2(6)/2025**

**SHÓLKEMLESTIRIWSHI:**

*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Bas redaktor:** – Allanbaev Rudakiy, *professor*

**Juwaplı xatker:** – Kamalova Dilfuza, *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent.*

**REDKOLLEGIYA AǴZALARÍ:**

**OZODBEK NAZARBEKOV –** Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministri, professor;

**AZIZBEK TURDIEV** – Ózbekstan Respublikası Mektepge shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministri orınbasarı, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**KAMOLIDDIN URINBAYEV –** Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası rektorı, professor;

**AMANULLA RIZAYEV** – kórkem ónertanıw ilimleriniń kandidatı, professor;

**HIKMAT RAJABOV** – professor;

**ORAZALI TOSHMATOV** – professor;

**BAXT AZIMOV** – pedagogika ilimleri kandidatı, docent,

**MUHABBAT TOLAXOJAEVA** – kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**MARFUA XAMIDOVA** - kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**BOLTABOY SHODIYEV** - kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, docent;

**OZODA TOSHMATOVA** - kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;

**SAYYORA ǴAFUROVA** – professor;

**OYDIN ABDULLAEVA** – professor;

**IRODA MIRTALIPOVA** –kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**PARAXAT MAMUTOV** – kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);

**QURBANBAY JARIMBETOV** – filologiya ilimleriniń doktorı, professor;

**ALIMA BERDIMURATOVA** – filosofiya ilimleriniń doktorı, professor;

**ZIYADA BEKBERGENOVA** – filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), professor;

**ARTÍQBAY EREJEPOV** – pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

**JAŃABAY MARZIYAEV** – filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

*Jurnal qaraqalpaq, ózbek, rus hám ingliz tillerinde baspadan shıǵarıladı. Jurnal Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentligi tárepinen mámleketlik dizimnen ótkerilgen. №047569 4-oktyabr, 2022-jıl.*

**Ózbekstan Respublikası Joqarı Attestaciya Komissiyasınıń 2024-jıl 30-iyuldaǵı 358-sanlı qararı tiykarında jurnal 17.00.00-Kórkem ónertanıw ilimleri jónelisi boyınsha dissertaciya nátiyjelerin baspadan shıǵarıw ushın arnalǵan jetekshi ilimiy jurnallar qatarına kiritilgen.**

*Redakciya mánzili: Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı Sh.Abdirov 2-jay.*
*E-mail:ozdknf@edu.uz, UZDK_Nukus@exat. Tel:551020540 Veb-sayt: https://science.uzdknf.uz/*

**ISSN-2181-4112**

# ATQARÍWSHÍLÍQ MÁDENIYATÍNDA KONCERTMEYSTERDÍŃ TIYKARǴÍ WAZÍYPALARÍ

**Matjanova M.**

*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Annotaciya**: Maqalada koncertmeysterlik qánigeliginiń wazıypaları, jumıs barısındaǵı máseleler kórip shıǵıladı. Koncertmeysterlik qánigeliginiń qáliplesiw tariyxı, Barokko dáwirindegi birinshi koncermeysterlik kórinisleri hám keyingi dáwirdegi kórinisleri haqqında sóz etiledi hám shıǵarmalar mısalında analiz etiledi. Sonday-aq solist penen psixologiyalıq qatnas haqqında sóz baradı. Maqala joqarı oqıw orınları studentleri hám koncertmeysterler ushın mólsherlengen.

**Gilt sózleri:** koncertmeyster, akkompaniator, klavikord, klavisin, klavirist, improvizaciya, kompoziciya, general-bas, fermata, ritm, emociya.

**Аннотация**: В статье рассматриваются задачи профессии концертмейстера и вопросы, связанные с ее работой. Будет обсуждаться история становления профессии концертмейстера, его первые проявления в эпоху барокко и его более поздние формы, а также проанализированы на примере произведений. Также речь идёт о психологическом взаимодействии с солистом. Статья предназначена для студентов высших учебных заведений и концертмейстеров.

**Ключевые слова**: концертмейстер, аккомпаниатор, клавикорд, клавесин, пианист, импровизация, композиция, общий бас, фермата, ритм, эмоция.

**Annotation:** The article examines the duties of the concertmaster profession and matters related to their work. The history of the formation of the concertmaster profession, its first manifestations during the Baroque period, and later manifestations will be discussed and analyzed using examples of works. It also discusses the psychological relationship with the soloist. The article is intended for university students and concertmasters.

**Keyword**: accompanist, accompanist, clavichord, harpsichord, pianist, improvisation, composition, general bass, fermata, rhythm, emotion.

**Kirisiw.** Búgingi kúnde Respublikamızda jaslarımız ilimli bilimli hár tárepleme rawajlanıw ushın sharayatlar jaratılmaqda, jámiyetimizdegi hámme kásiplerde jaslarımızdıń jaqsı nátiyjelerin kórip quwanısh túyemiz, alǵıs aytamız. Sol tarawlar ishinde muzıka pedagogikası kásibinde taraw iskerleri bir qatar nátiyjelerge erisip atır.

Kásiplerdiń hárbiri óziniń qıyınlıǵı hám maqtanıshlı tárepleri bar. Olardan biri koncertmeysterlik kásibi. Koncertmeysterler muzıkantlar arasında júdá kerekli bazalıq kásip bolıp esaplanadı.

***Koncertmeyster bul kim?***

Koncertmeyster bul muzıkant, saz atqarıwshı yamasa vokalistke qosılıp shertetuǵın pianist. Olarǵa jáne akkomponiator termininde isletse boladı. Bul professiyanıń rawajlanıw tariyxınan klavishlı ásbablar klavikord, klavisin, fortepiano ásbabınıń payda bolıwına barıp taqaladı. Francuzsha sóz bolıp “accompagniment”, “accompagner” – “birge alıp barıw” mánisin beredi.

**Tiykarǵı bólim.** XVI-XVII ásirde klavishlı-tarlı ásbaplar payda bolǵanda solistke qosılıp shertetuǵın muzıkantqa qarata “klavirist” yamasa “akkomponist” dep ataǵan. “Koncertmeyster” termini orkestrdıń birinshi skripach muzıkantqa qarata aytılǵan. Sol dáwirlerde klavishlı-tarlı ásbap atqarıwshıları akkomponimentdida atqarǵan, ol dáwirde akkomponimentlik qılıw óz aldına doretiwshilik qılıb bólinbegen. Akkomponimentlik isi sol klavirist atqarıwshınıń wazıypasına kirgen. Sol dáwirlerde tiykarǵı atqarıw sheberligi improvizaciya bolǵan. Tosatdan berilgen temaǵa improvizaciya qılıw, aldınnan oylanıp jaratılǵan kompoziciyadan kóre joqarı bahalanǵan.

Impovizaciya túrlerine akkomponimentde kirgen hám bul general-bas texnikasın payda etken.

General-bas italyansha toqtawsız bas degen mánini beredi, joqarı dawıstaǵı namaǵa sanlar menen bas dawısların belgileydi, kóp dawıstı qısqartırıp jazıw úripge kirgeninen sol dáwirler “general-bas dáwiri” (1600-1750j) deb juritiledi.

A.Korelli, K.Monteverdi, A.Skarlatti, I.S.Bax, F.Gendel, DJ.Pergolezi, Y.Gaydnlardiń dóretiwshiliklerinde general-bas úlgilerin kóriwge boladı.

Bul jańa usıl qalay oqıladi, esitilgen nama sesleriniń basdaǵı eń tómengi ses berilgen qalǵanları san menen berilgen, bular basdan qaray sanalǵandaǵı intervallardı bildiredi.

XX ásirde general-bas jańa “sanlı” kóriniske qayttı. Akkomponimentdiń djazlıq hám estradalıq muzıka túrlerinde standartlıq háripli-sanlı belgiler menen akkordlardı hám sesqatarlardı belgileydi.



End general-bas úlgisine keltirilgen mısalda XX ásir muzıkasındaǵı sanlı belgilerdiń ózgesheligin salıstırıp kóriwge boladı.

Usınday kóriniste nota jazıwında jazılǵan shıǵarmalardı oqıp hám shaqqanlıq penen onı durıs, taza hám kórkem etip shertiw atqarıwshıdan bilimlilik, sheberlik, uqıplılıqdı talap etken. Sonlıqdan sol dáwirlerde namanı jaratqan kompozitorlarǵa qaraǵanda atqarıwshılardıń abroyı bálent bolǵan hám miyneti joqarı bahalanǵan.

Birinshi improvizator kim bolǵan solist yamasa akkomponiatorma bul dereklerde berilmegen biraq bul bas ámeliyatı koncertmeyster obrazınıń qáliplesiwine úlken tásir kórsetken.




Bul ótmishdegi klavirist, akkomponistdiń fundamentallıq dúziliwiniń tariyxı edi.

Fortepiano ásbabınıń doretiliwi koncertmeysterler ushın jańa imkaniyatlardı ashtı.

Sol dáwirdiń kózge kóringen atqarıwshıları fortepiano ásbabınıń tarǵa urıp shertiliwi ritmikalıq anıqlıqtı hám tınıq esitiliwdi bergenlikten alǵıslar menen kútip alǵan. Jaqsı dawıs, jeńil atqarıw, kerekli sıpatları barlıǵınan fortepianonı akkomponiment ásbabı deb sanaǵan.

Koncertmeyster professiyası pianistler ishinde eń kop tarqalǵan professiya.

Koncertmeysterlik mádeniyatın ózlerine kásip qılǵan pianistler bir qatar qıyınshılıqlarǵa dus keledi. Koncertmeysterdiń dóretiwshiligi atqarıwshılıq, pedagogikalıq hám shólkemlestiriwshilik qábiletlerine iye bolıwı zárur. Oqıtiw procesinde vokalist bolama yamasa saz atqarıwshı bolama, qaysı taraw bolmasın óziniń

specifikasın názik táreplerin biliwi kerek. Sonlıqtan da orta hám joqarı bilimlendiriwde fortepiano qánigeligi jónelisinde koncertmeysterlik klası hám kamer ansambli sabaqları qánigelik darejesinde turadı.

Koncertmeysterlik mádeniyatı kóp qırlılıǵı menen ajıralıp turadı:

- Pianist koncertmeyster atqarıw kónlikpelerin jaqsı mengergen bolıwı;
- Notanı qaǵazdan tez oqıy alıwı;
- Vertikal dúze alıwı;
- Atqarıw ushın durıs aplikatura qoya alıwı;
- Shıǵarmanıń stillik ózgesheligin ańlay alıwı;
- Avtordıń oylaǵan pikirin ámelde jetkere alıwı;
- Tekstdı tez ózlestiriwi;
- Metroritm seziminiń joqarı sezimtallıǵı sıyaqlı qatar kónlikpelerine iye bolıwı kerek.

Jáne de pianistlik mádeniyatı tiykarı bolǵan artikulyaciya, shtrixlar, pedalizaciya, tushe texnikası, agogika siyaqlı elementlerin iyelegen bolıwı kerek.

Óz jumısınıń jetekshisi bolǵan koncertmeysterler joqarıda aytıp ótilgen kónlikpelerdi rawajlandırıp ózlerin jáne de jetilistiriw háreketinde boladı.

Koncertmeysterdiń psixologiyalıq sıpatı olardiń professiyalıq funkciyalarınıń biri. Ol tek ǵana eki qolı arasındaǵı atqarıw wazıypasın bólistirip qalmay solistti baqlawı, ansambldiń tiykarı bolǵan dawıs balansına dıqqatın bántlewi, temp tezligi barısın tegisligin támiyinlewi kerek. Bunday basım, dıqqat aqılıy kúshti hám fizikalıq kúshti talap etedi. Koncertmeyster dóretiwshiliginde háreket reakciya tezligi zárur, saxnadaǵı muzıkalıq kelispewshilik waqıtlarda ol toqtap qalmawı, qátelikti dúzetpewi, mimika yamasa háreketler menen kemshilikti bildirmey jayǵastırıp ketiw ilájların jaqsı eslep qalıwı kerek. Koncertmeysterdi xarakterleytuǵın "júdá dıqqatlı", "koncertmeysterlik intuiciyası kúshli", "epshil koncertmeyster" dep beriletin táriyipler tek ǵana atqarıwshılıq yamasa pedagogikalıq sıpatlarǵa emes, al psixologiyalıq sıpatlarǵa da tiyisli.

Eger oqıwshı yamasa student penen koncert yamasa konkurslarǵa shıǵatuǵın bolsa, saxna aldınan koncertmeyster psixolog funkciyasın atqaradı. Ol atqarıwshınıń saxna aldı bolatuǵın basımdı jumsartadı, saxna aldınan atqarıwshıǵa keypiyat beredi onı saxnaǵa sazlay aladı hám sabaq barısında qıyınlıq hám qátelerin sheshiwge úyretedi.

Koncertmesterlik professiyasında vokal hám saz atqarıwshılıq jónelisleri menen islesiwdi alıp qaraytuǵın bolsaq, olardıń ózine tán ózgeshligi, nyuansları bar. Koncertmeysterdiń vokal menen islesiwin qarap ótsek, koncertmeyster vokal shıǵarmalarında qosıqshı menen sózi yamasa namasın úyrenip qalmay, qosıqshınıń dawıs bálentligi tazalıǵın, namanıń ritmikalıq súwretin, dikciyanıń anıqlıǵın, dem alıw

orınlarınıń durıslığın baqlaydı. Vokalist penen ansamblde koncertmeyster basqarıp ketpey sol muzıkalıq kórinistiń bir bólegi bolıp solisttıń atqarıw manerasına maslasıwı sol menen birge óziniń individual kórinisin saqlawı kerek. Koncertmeysterdiń qosıqshı menen jumıs barısında fortepianonıń dawısı solist partiyasınıń esitiliwine tásiri bar, mısal ushın, akkomponimenttiń qopal, uruwshı dawısı vokalistten qıynap májburlengen dawıstı shaqıradı, fortepianonıń jumsaq shertiliwi solisttıń durıs dawıs shığarıwına járdem berip "qıshqırğan" dawıstan saqlaydı.

Koncertmeyster qosıqshınıń tolığı menen sherigi bolıwı kerek, shığarmadağı quwanısh, sezim, zawıq, qayğı, tınıshlanıw, ashıwlanıw sıyaqlı emociyalardı birge bólisiwi kerek. Vokalist sózin umıtsa yamasa tonnan shığıp ketse koncertmeyster namanı akkomponimentke qosıp shertip tonğa túsiwine, sózin sıbırlap aytıp jiberip járdemlesedi. Qosıqshı kesh qalsa tıńlawshılarğa sezdirmesten sozıńqırap keyninen ritmdi bórttirińkirep jolğa saladı, sol ushında saxnalıq shığıwlarda koncertmeyster vokal partiyasına dıqqatlı bolıp turıwı kerek. Koncertmeyster hámme korsetilgen dem alıw belgilerine qarap vokalisttiń dem alıwına qolaylıq berip kishi uslanıp atqaradı. Professional koncertmeyster bunı tábiyiy hám bilindirmey atqaradı.

Koncertmeysterlik mádeniyatında saz ásbap penen islesiw óz aldına úlken bir jónelis. Xalıq sazları ásbapları menen islesiw jaqsı sezgirlikti talap etedi. Bul jerde pianistlerge qánigelik sabaqlarında úyrenilgen, ámeldegi tayanıshqa tiykarlanğan emes, sonlıqtan pianistke biraz qıyınlıq tuwdırıwı múmkin boladı. Xalıq sazları ásbaplarınan duwtar ásbabın alatuğın bolsaq, duwtar ásbabı ilip shertiledi, jağımlı hám shireli dawısı menen ajralıp turadı. Duwtar ásbabı usıl hám qağıslarğa bay bolğanlıqtan atqarıwshıdan sheberlik talap etedi. Xalıq sazları ásbablarına ózin bağıshlağan koncertmeyster ásbablardıń ses shığarıw imkaniyatların, tariyxın biliwi kerek, sebebi sol ásbapta atqarıwshı millettiń kimligin, júregin ashıp beriwde xızmet etedi.

Student penen koncertmeyster ortasında shığarmanıń obraz kórkemligin ashıp beriw ushın muzıkalıq sezim baylanısı tuwılıwı kerek. Repertuardıń ráńbáreńligi koncertmeysterdiń shertiw usılların rawajlandırıwğa, nyuansların bayıtıw, texnikasın ósiriwge iytermeleydi. Koncertmeysterdiń saz atqarıwshı menen durıs islengen adımba adım jumısı koncertlerdegi jağımlı saxnalıq shığısqa alıp keledi, bunda koncertmeysterdiń sheberligi koncertke tayarlıq barısına baylanıslı. Zalda koncert aldı tayarlıq, zal akustikasın úyrenip dawıs balansın tutıp biliwi, student temperamentine qaray saxnada tosınnan ushırasıwı múmkin bolğan jağdaylarda qalay etip jalğastırıw jolların aldınan kórip shığadı. Duwtar prima ásbabında atqarılatuğın A.Cıgankov qayta islegen cıgan xalıq qosığı temasına qayta islegen Variaciya "Mar, dyandya" (qız oyını) mısalında kóretuğın bolsaq. Shığarma joqarı registrda akkordlar menen baslanğanda

koncertmeyster solist penen berilgen dinamikada teńdey shertiwine boladı, al texnikalıq passajlarǵa kelgende fortepiano ekinshi planǵa ótip, aktiv hám anıq shertiliwi kerek.

Jáne de V.Gorodovskayanıń rus xalıq qosıǵı temasında koncert variaciyası "Kalinka" shıǵarmasında 8 taktlıq stillik qollanıw óksheler qaǵısın pianino japqıshına qaǵıp ritmdi uslap turıp segizlik pauzadan keyin notaǵa anıq túsiw koncertmeysterge biraz qıyınlıq beredi, bunday momentler koncertmeysterden epshillik hám tayarlıqtı talap etedi.

Ulıwma alıp qaraǵanda shıǵarmada kórsetilgen "crescendo" fortepianoda solistten keyinlew beriliwi, al diminuendo ertelew beriliwi kerek, sebebi solist bul kórsetpelerdi atqarıw ushın oǵan kóplew orın ajıratıw kerek boladı. Saz atqarıwshıları shıǵarma ústinde islewde pedal máselesine de itibar qaratıw kerek. Pedal qollanıwda shıǵarmadaǵı dinamikaǵa, solisttegi dawıstıń sozımlıǵına, atqarıwshınıń qollanıp atırǵan shtrixlarına qaraladı. Shep pedal hárdayım saqlanıw ushın tayar turıwı kerek hám royal dawısın kontrolda tutıp yarım pedal alınsa maqsetke muwapıq.

Koncertmeysterlik mádeniyatına tiyisli jáne bir áhmiyetli táreplerinen koncertmeyster menen solisttiń qarım-qatnası.

Adamlar arasındaǵı qarım-qatnas hárdayım qızıqlı hám ápiwayı bolmaǵan másele. Bul professionallıq qatnasıq koncertmeysterdiń aldında qanday máseleler qoyadı? Sabaq barısında, koncertte, saxnada solist penen qolaysızlıqlardı jayǵastıradı, durıs sheshim jolların kórip shıǵadı. Bir qaraǵanda tiykarınan ansamblde birlikke jetisiw absolyut sinxronlıqqa erisiw, partiyadaǵı notalar hám ritmikalıq tárepten, temptiń ástenlesiwi hám tezlesiwi, fermata bulardıń minsiz atqarılıwi jaqsı ansambl boladı. Biraq ta talantlı koncertmeysterlerdiń maqseti hám ústinlik tárepi muzıka atqarıwshılıǵındaǵı energiyanıń tolıp keliwi muzıka atqarıwshısınan shıǵıp keletuǵın emociyallıq hám ruwxıy energiya atqarılıp atırǵan shıǵarmaǵa jan engizedi. Al, emociyallıq energiyasız muzıkanıń atqarılıwı óli, júreksiz, mánissiz bolıp esitiledi. Sol energiya sebebli shıǵarma hár atqarılǵanda hár túrli bolıp esitiledi. Bunday emociyallıq hám energiyalı atqarıw ushın atqarıwshılar bir-birine maslasıwı kerek. Koncertmeyster solisttiń energiyalıq impulsin tutqanın sezgende hám oǵan qosılǵanda garmoniyalıq ansambl jaraladı.

Basqada tárepten qarasaq solist stillik yamasa kórkemlik jaqtan hám basqa da kemshiliklerdi tek sezip ǵana qalmay anıq derekler menen solisttiń qáte kemshiligin dálilller menen keltirip túsindiriwi múmkin.

Solist partiyasındaǵı templik buzılıwlar bolǵanda, durıs bolmaǵan dinamikalıq nyuanslarda koncertmeyster maslaspawı múmkin. Atqarıwshıdan úzilip durıs bolǵan tempte shertip dawam etiwi múmkin. Bunıń menen ol durıs tempke túsiwine túsinik

beredi. Álbette bunday kórsetpelerdi koncertmeyster professionallıǵına, jaqsı pianistligine hám bilimli muzıkantlıǵına isengende beriwi múmkin.

Eger solist koncertmeyster pikirlerine qulaq salmasa yamasa koncertmeyster menen solist arasında isenimli qatnas bolmasa koncertmeyster ayrıqsha jumsaqlıq kórsetiwi, háreketlerde abaylı bolıwı kerek. Sonday bolsada onı esitiwdi shıǵarmanı dúzetiwdi qálemese, koncertmeyster menen kelisimge keliwden ózin alıp qashsa, onda koncertmeyster qáteligi bolsa da shıǵarmanı solist qálegendey etip jaqsı ansamblde shertip beriwi kerek. Bunda atqarıwdan keyin kemshilikti túsinip jetkende koncertmeysterdiń professionallıǵına solisttiń húrmeti asadı. Usınday ańsat bolmaǵan koncertmeysterlik professiyasında pedagog hám solistlerdiń óz ara jaqsı qatnasta bolıwı, koncertmeyster isine húrmet penen qaralsa tarawda úlken jetiskenlikler bolıwı gúmansız.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Смирнов М. “О работе концертмейстера”. – Москва: издательство “Музыка”, 1974.
2. Iseev R. “Fortepiano atqarıwshılıǵı”. Oqıw qollanba. - Nókis: “Jazıwshı”, 2023.
3. Xayitboeva D. “Notani varoqdan o‘qish va fortepiano ansambli” - T,”O‘zbekiston”, 2010
4. cyberleninka.ru
5. nsportal

# MAZMUNÍ

*MUZÍKATANÍW*


| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Султанова Е.** ФОРТЕПИАННОЕ ТРИО ФРАНСИСА ПУЛЕНКА В КОНТЕКСТЕ ФРАНЦУЗСКОЙ КЛАССИЧЕСКОЙ МУЗЫКИ XX ВЕКА | 3 |
| 2 | **Миркасымова Э.З.** ИСПОЛНИТЕЛЬСКАЯ ИНТЕРПРЕТАЦИЯ КАК ВАЖНЕЙШИЙ ЭТАП ДЕЯТЕЛЬНОСТИ МУЗЫКАНТА | 9 |
| 3 | **Мирсолихова Х.М.** МУСИҚИЙ АСАР УСТИДА ИШЛАШ ЖАРАЁНИ ҲАҚИДА | 16 |
| 4 | **Тожибоев С.** ИСЛОМ ДИНИ БИЛАН БОҒЛИҚ МАРОСИМ ВА БАЙРАМЛАРДАҒИ МУСИҚИЙ АНЪАНАЛАР | 21 |
| 5 | **Abatbaeva R.A.** KOMPOZITORLAR IJODIDA BALLADA JANRINING SHAKLLANISHI VA BUGUNGI KUNDAGI AHAMIYATI | 34 |


*KÓRKEM ÓNER*


| | | |
|---|---|---|
| 6 | **Allanbaev R.O.** "SUYMAGANGA SUYKALMA" MUSIQALI DRAMASINING O'ZIGA XOS XUSUSIYATLARI | 41 |
| 7 | **Абрарова М.** ЎЗБЕКИСТОН ВА ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН АЁЛ КОМПОЗИТОРЛАРИНИНГ ТАФАККУРИ МОҲИЯТИ | 52 |
| 8 | **Aytmuratov B.K.** AKTYOR INDIVIDUALLIGINI SHAKLLANTIRISHDA ROL YARATISH USLUBIYATINING NAZARIY VA AMALIY ASOSLARI | 59 |
| 9 | **Azimov K.** DIRIJYORLIK TEXNIKASINING NAZARIY MASALALARI | 68 |
| 10 | **Eminov N.** "ALPOMISH" MUSIQALI DRAMASIGA AYRIM CHIZGILAR | 73 |
| 11 | **Gulmanov I.** DÁSTÚRIY HÁM ZAMANAGÓY MUZÍKADA DÁP ÁSBABÍNÍŃ RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ | 80 |
| 12 | **Jaqsımuratova B.** VOKAL ATQARIWSHÍLÍGÍNÍŃ TARIYXIY EVOLYUCIYASÍ | 86 |
| 13 | **Karimova N.** FESTIVAL TUSHUNCHASI VA ULARNIG ILMIY-NAZARIY ASOSLARI | 92 |
| 14 | **Kazakbayeva M.** ARIYALAR USTIDA ISHLASH JARAYONIDA JO'RNAVOZNING AHAMIYATI | 98 |
| 15 | **Kutekeeva R.** QORAQALPOG'ISTON OPERA SAN'ATIDA MILLIY OBRAZLAR TALQINI | 104 |

| | | |
|---|---|---|
| 16 | **Matjanova M.** ATQARÍWSHÍLÍQ MÁDENIYATÍNDA KONCERTMEYSTERDÍŃ TIYKARǴÍ WAZÍYPALARÍ | 110 |
| 17 | **Sharipov N.** ZAMONAVIY FANDA AYOL OLIMALARNING O‘RNI | 117 |
| 18 | **Osman Kopadze.** THE SOFT POWER IMPACT OF TURKISH TELEVISION SERIES ON UZBEK SOCIETY | 122 |
| 19 | **Paxratdinova L.** SKRIPKANING KELIB CHIQISHI VA IJROCHILIK AN’ANALARI | 130 |
| 20 | **Shukurov A.** TEATR SAN’ATINI RIVOJLANTIRISHDA TARIXIY VA ZAMONAVIY YONDASHUV | 136 |
| 21 | **Tursunov E.** AN’ANAVIY YO‘NALISHDAGI XONANDALIK ASARLARI BOSHQA MILLAT VAKILLARI IJROCHILIGIDA | 147 |
| 22 | **Измаилов А.М.** ФОРМИРОВАНИЕ ОРКЕСТРОВОЙ ФУНКЦИИ ЗВУКОВЫСОТНЫХ УДАРНЫХ ИНСТРУМЕНТОВ В XVI–XVII ВЕКАХ | 153 |
| 23 | **Давыдова Т.** СТИЛЕВЫЕ ОСОБЕННОСТИ СИМФОНИЧЕСКИХ ОПУСОВ ТУЛКУНА КУРБАНОВА | 165 |
| 24 | **Миркасымова Э.З.** ХУДОЖЕСТВЕННЫЕ И СТИЛЕВЫЕ ПРИНЦИПЫ ФОРТЕПИАННЫХ ЦИКЛОВ Д.САЙДАМИНОВОЙ. | 170 |
| 25 | **Charshemov J.A.** QARAQALPAQ KOMPOZITORLARININ XOR USHIN JAZILǴAN SHIǴARMALARI | 177 |


***MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ***


| | | |
|---|---|---|
| 26 | **Djumaniyazov U.M.** XALQ MUSIQA IJODIYOTINI O‘RGANISHGA PEDAGOGIK YONDASHUV | 187 |
| 27 | **Yusupaliyeva D.** YOSHLARNING MA’NAVIY TARBIYASINI TAKOMILLASHTIRISHDA MADANIYAT VA SAN’ATNING O‘RNI VA AHAMIYATI | 196 |
| 28 | **Muratbaev A.** ORFF METODÍ TÍYKARÍNDA MUZIKA SABAQLARÍNDA SAZ ÁSBAPLARDAN PAYDALANÍW | 204 |
| 29 | **Мелькумова Э.И.** ФИЛОСОФСКО-МЕТОДОЛОГИЧЕСКИЕ ОСНОВАНИЯ НАУЧНОГО ПОЗНАНИЯ: СТРУКТУРА, ЛОГИКА И ТРАНСФОРМАЦИЯ В КОНТЕКСТЕ СОВРЕМЕННОСТИ | 210 |
| 30 | **Абдуллаева А.** РАБОТА НАД ФОРТЕПИАННЫМИ ПЬЕСАМИ Р. ГЛИЭРА В КЛАССЕ ОБЩЕГО ФОРТЕПИАНО | 217 |

| | | |
|---|---|---|
| 31 | **Saidumarov I.** ESTRADA XONANDALIGI SAN'ATI HAMDA VOKALDAN DARS BERISHDA INNOVATSION TEXNOLOGIYALARINING O'RNI VA AHAMIYATI | 223 |

***JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER***

| | | |
|---|---|---|
| 32 | **Бердиниязова Н.К.** МЕҲНАТ ЖАМОАСИДА КАСАБА УЮШМАСИНИНГ ЎРНИ ВА АҲАМИЯТИ | 228 |
| 33 | **Пердебаева К.Р.** БАСПАСӨЗ ДИЗАЙНЫ ҮСТИНДЕ ИСЛЕЎ (Газетаның арнаўлы санлары анализи мысалында) | 234 |

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq journal*



